# NEMIS TILIN U'YRENIWDE ERTEKLERDIN' TA'RBIYALIQ ORNI

*G.B.Esbergenova – úlken oqitiwshi*
*T.Ktaybekova - Nemis tili hám ádebiyati qánigeligi 1-kurs talabasi*
*Ájiniyaz atindaǵi Nókis mámleketlik pedagogikaliq instituti*

Ma'mleketimizdin' ta'lim sistemasinin' barliq basqishlarinda shet tillerin u'zliksiz u'yreniwdi sho'lkemlestiriw tiykarinda ken' ko'lemli isler a'melge asirilmaqta.

Bu'gingi ku'nde elimizde nemis tilin u'yreniwge degen talaplar ku'sheyip barmaqta. Nemis tilin u'yreniw dawaminda a'lbette sanli texnologiyalardan sonin' menen bir qatarda ha'r tu'rli kinolardan, video ro'liklerden ha'm ha'r qiyli zamanago'y usillardan paydalaniwimiz ta'biyiy jag'day.

Maqalamizda nemis tili sabag'inda erteklerdin' a'hmiyeti ha'm olardin' balalar ushin ta'rbiyaliq orni haqqinda aytip o'tpekshimiz.

Nemis xalqinin' ma'deniyatinda ertekler u'lken orin tutadi. Ag'a-ini Grimmler, Gauf ha'm basqa jaziwshilardin' ertekleri balalar, ba'lkim u'lkenlerge de o'mirlik sabaqlardi u'yretip baradi. Bul ertekler ishinde ma'rtlik, a'dalat, miynetsu'ygishlik ha'm mehribanliq siyaqli insaniy pa'ziyletler sa'wlelenedi.

Til u'yreniw waqtinda erteklerdin' de orni joqari. Olar so'z baylig'in asiriw, grammatikani bekkemlew ha'm so'zlerdi tuwri aytiw menen bir qatarda ma'deniy miyraslardi da tu'siniwge ja'rdem beredi. Misal retinde ag'a-ini Grimmler Germaniya boylap sayaxat qilip jurip, tu'rli adamlar menen ushrasip, a'wladdan-a'wladg'a o'tip kiyatirg'an awizeki hikayalardi jazip alg'an. Olardin' jumislarinan "Balalar ha'm shan'araqliq ertekler" (Kinder und Hausmärchen) toplamin jaratiwg'a alip keldi, onda ko'plegen taniqli ertekler, ma'selen, "Qizil qalpaqsha" (Rotkäppchen) "Rapunzel" (Rapunzel) "Hansel ha'm Gretel" (Hansel und Gretel), "Bremen qala qosiqshilari" (Die Bremen Stadtmusikanten) ha'm basqalar toplang'an.

Bu'gingi ku'ni ag'a-ini Grimmlerdin' nemis ertekleri tek g'ana Germaniyada, ba'lkim onnan basqada ma'mleketlerde taniqli bolg'an. Olar ja'ha'n a'debiyati bu'gingi ku'nde ma'deniyatin sa'wlelendirgen ha'm ja'han ma'deniyati baylig'ina aylandi.

Bunnan tisqari ha'r tu'rli erteklerdi oqiw arqalida u'yreniw jaqsi usillardan biri bolip tabiladi. Ma'selen; "Es war einmal…" (Bir bar eken, bir joq eken…) – bul so'zler balalig'imizdan tanis bolip, bizdi siyqirli ertekler a'lemine jeteleydi. Ertekler tek g'ana qiziqli bolip qalmay, ta'rbiyaliq a'hmiyetge de iye.

Nemis xaliq ertekleri dunyanin' a'debiy janrlar qatarinan u'lken orin iyeleydi. Olardin' o'zine ta'n siyqiri barliq jastag'i oqiwshilardin' itibarin tartadi. "Hansel ha'm Gretel" (Hansel und Gretel) "Qizil qalpaqsha" (Rotkäppchen) yaki "Bremen qosiqshilari" (Die Bremen Stadtmusikanten) siyaqli ha'r bir ertekte a'wladdan-a'wladg'a o'tip kiyatirg'an insaniy pa'ziyletler jiynag'i ko'zge taslanip turadi. Erteklerdin' tiykarg'i maqseti ta'rbiyaliq jaqtan joqari jetiskenlikke erisiw bolip tabiladi. Olar tek g'ana balalar ushin emes ha'r bir jastag'i shaxs ushin jaqsiliq ha'm jamanliq ortasindag'i parqti ayirip biliwge, sadiqliq, a'dalatliliq sezimlerin oyatadi ha'm oqiwshilardin' ha'r tu'rli jastalig'i ta'jriybesine qarap ha'r tu'rli dodalaw mu'mkin bolg'an belgiler menen ajralip turadi. Nemis erteklerinin' basqa erteklerden ayirmashilig'i olardin' qiyaliy jaqsi sa'wlelengeni boladi. Bul jerde haqiyqat ha'm siyqirdin' birge ja'mlengeni a'jayip ko'rinisti sa'wlelendiredi. Ertek qahramanlari siyqirgerler ha'm periler kitap betlerinde janlanip, oqiwshinin' qiyallarin ha'm oylaw qa'biletin ken'eytedi. Ja'nede nemis ertekleri qaran'g'i miyrimsiz waqiyalardan da uzaq emes. Bul bolsa oqiwshig'a tu'rli sezimlerdi bastan keshiriwdi u'yretedi. Usi qaran'g'i waqiyalar sebepli ertek qahramanlari pidayiliq, ku'shliligi menen jamanliqti jen'ip jaqtiliqqa shig'adi.

Nemis xaliq ertekleri tek g'ana a'piwayi ertek bolip qalmastan, ha'r qanday jastag'i oqiwshini ilhamlandiriw, u'yretiw ha'm kewil ashiw qa'biletine iye bolg'an haqiyqiy miyrasdur. Olar bizlerge du'nya gozzalliqlarin ko'riwge u'yretedi, tiykarg'i qa'diryatlardi biliwimizge, o'mirdi an'lawimizg'a sinaqlardan o'tiwimizge ja'rdem beredi. Nemis xaliq ertekleri danaliq, siyqirlilig'i, ilham deregi bolip, ol o'zinin' ta'niqliligi, ha'm sirlilig'i menen ajralip turadi.

Ma'selen "Hansel ha'm Gretel" nemis ertegi g'a'rezsiz jasaw, shan'araqtag'i qa'diryatlar haqqinda so'z etse, o'zbek xalqinin'da o'zine ta'n ertekler a'lemi bar. Ma'selen ko'pshiligimizge tanis "Zumrad ha'm Qimbat" bul ertekti ba'rshemiz jaqsi bilemiz ha'm multfilimler arqalida oni ko'rgenbiz. Bul ertekte de jaqsiliq ha'r dayim jen'ip shig'iwi, miynetsu'ygishlilik, sonday-aq adamlar arasindag'i insaniy pa'ziyletlerdi ko'riwimizge boladi. Ha'm bul orinda ertektin' an'satlilig'i arqali oni nemis tiline awdarmalap til u'yreniwdegi so'z baylig'imizdi da ken'eytip bariwimizg'a boladi.

Nemis xaliq ertekleri menen bir qatarda biz o'zimizdin' erteklerimizdi nemis tiline awdarmalaw arqali da nemis tilin jaqsi o'zlestiriwimiz mu'mkin. Sebebi biz sabaq processinde u'yrengenimizde bazi waqitlari ga'p quray almay qaliwimiz mu'mkin. Sebebi ha'r qanday ga'pti du'ziw waqtinda olardin' bir-birine tuwra keliwi kerekligi bizdi tag'i oylandirip qoyadi. Al biz kishkeneligimizde analarimizdan esitken yamasa televizorda multfilimin ko'rgen erteklerdin' izbe-izligin yadimizdan bilemiz ha'm bunda bizlerdin' artiqsha oylar yag'niy ga'plerdin' izbe-izligin tuwri qoyiwday mashqalani alip kelmeydi. Sol ertekteti ko'z aldimizg'a keltirip u'yrengenlerimiz boyinsha gapler du'ziwde, ja'nede nemis tilin jaqsi o'zlestiriwimizge ja'rdem beredi. Bul texnikani qollaw barisinda tek ertek kitaplardi oqip g'ana qoymay, olardi audio ko'rinisin esitiwde ja'nede multfilimlerin ko'riwde qol keledi.

Shet tilin uyreniwde ertekler oqitiw processine jan'aliq alip keledi. Ertek oqig'an oqiwshi tilge bolg'an isenimin arttirip, so'ylew, tin'law, oqiw ha'm jaziw ko'nlikpelerin tez rawajlandiradi. Sonin' menen birge waqiya strukturasina bag'darlang'an ertekler oqiwshilardin' oylaw qabiletin asiradi.

So'zimizdin' juwmag'inda soni atap o'tiwimiz kerek, nemis tilin u'yreniwde ertekler tek g'ana tildi o'zlestirip g'ana qoymastan ba'lkim ta'rbiyaliq ha'm ma'deniy qa'diryatlardi sin'diriwde de u'lken ro'l oynaydi.

**ÁDEBIYATLAR:**

1. Arzamaceva I.N, Nikolaeva S.A "Balalar a'debiyati" M; Akademiya 1998
2. Burger Grimm. "Kinder und Hausmarchen" Reclam Verlag, 2015.